

Konsil Jistis Anviwònmantal [EJC]

Reyinyon #15

Jedi 9 Me 2024

6:30 p.m. pou 8:00 p.m.

Minit Reyinyon an

Lokalizasyon reyinyon an: An pèsòn

Dokiman reyinyon an: Kalandriye, Dyapozitif

Manb Konsèy yo ki prezan:

- Kalila Barnett
- Jen Salinetti
- Melissa Ferretti
- Lydia Lowe
- Caroline Hon
- Peter Maathey
- Cheryll Holley
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham
- Marcos Luna
- Sofia Owen
- Madeline Fraser Cook

Estaf pèsònèl Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman [EEA] ki prezan:

- María Belén Power, Sousekretè EJC
- Caroline Lemoine, Direktè Adjwen Jistis Anviwònman pou Kowòdinasyon Patenè Ekstèn
- Crystal A. Johnson

Estaf pèsònèl DOER ki prezan:

- David Lutes, Kowòdonatè Pwogram Renouvlab yo
- Joanna Troy, Komisyone Adjwen

1. Akèy ak Apèsi Lojistik Reyinyon an

María Belén Power te akeyi panelis yo ak patisipan yo. **Kecil John** te bay yon apèsi de lojistik reyinyon an, sa ki gen ladan l itilizasyon bwat kesyon ak repons lan (Q&A) ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi Kalandriye a

María Belén Power te revize kalandriye reyinyon an.

3. **Apèl manb yo/Apwobasyon Reyinyon kèk minit avan yo**

Maria Belen te fè apèl manb EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manb konsèy sila yo te prezan: **Kalila Barnett, Madeline Fraser Cook, Melissa Ferretti, Cheryl Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Marcos Luna, Peter Maathey, Sofia Owen, Jen Salinetti, Pat Spence, Ari Zorn, Miles Gresham**

Manb konsèy sila yo pat prezan: **Namrita Kapur**

María Belén te louvri etaj la pou yon mosyon pou apwouve minit reyinyon avan an. **Jen Salinetti** te pwopoze pou l apwouve. **Kalila Barnett** te segonde mosyon an. Tout manm konsèy ki prezan yo te aksepte minit akote **Madeline Fraser Cook, Caroline Hon, Namrita Kapur**, ak **Marcos Luna** ki te rete net akòz absans li nan reyinyon avan an.

4. **Premye Sesyon Kesyon ak Repons Piblik**

Patisipan vityèl ak prezansyèl yo te fè kòmantè, demand, ak sijesyon yo.

- Yon patisipan vityèl te rekòmande entèvenan lokal ki sòti nan popilasyon rezidansyèl EJ ki transmèt baz inisyativ EJ yo.
- Yon patisipan an prezansyèl te rekòmande pou fonksyonè ki genyen eleksyon yo travay an kolaborasyon ak EJC epi ajans leta yo pou konekte popilasyon EJ yo epi amelyore rezilta nan nivo kominote a.
- Yon patisipan an prezansyèl te rekòmande pou anonse kalandriye reyinyon EJC yo sou paj entènèt reyinyon an.
- Yon patisipan an prezansyèl te mande kòman EJC kapab asiste kominote EJC yo nan akonpli netralizasyon kabòn lan yon fason ki pèmanan, patikilyèman ak pwoblèm itilizasyon enèji pwòp pandan chanjman sezon yo.

Kòmantè ki sòti nan Q&A yo nan lis anba a

#	Kesyon	Non
1	Èske Konsèy la ta kapab pataje nenpòt done ke yo ta genyen nan pwopozisyon estokaj enèji ak efè potansyèl (dife pou yonn) sou chaj ki depase vwazinaj EJ yo? Kòman nou ekilibre chaj yo ak benefis enèji “pwòp” yo ak estokaj batri chimik? Yo te pwopoze pou bati “Streamfield” anlè akifè nan Westfield, lè kouran sa t a pral estoke pou konsomatè Eversource yo, okenn nan sa ki abite Westfield yo. Konsa, dlo pou nou bwè a ta pral charye tout risk lan, men lòt yo t ap jwenn kouran an. Mèsi davans pou nenpòt done.	Kristen Mello

5. **Enfòmasyon Depatman Resous Enèji [DOER] sou kat woutye Idwojèn**

David Lutes, Kowòdonatè Enèji Renouvlab nan Depatman Resous Enèji [DOER], te fè yon prezantasyon sou kat woutye Depatman Resous Enèji [DOER] a pou entegre enèji idwojèn kòm yon gaz altènatif. David te bay enfòmasyon sou idwojèn kòm yon

potansyèl sous enèji altènatif pou gaz kabòn. Apre sa, David te devwale kat woutye idwojèn Massachusetts lan nan efò kontinyèl Massachusetts pou l dekabonize. Pwochenn etap ki konsène entegrasyon gaz idwojèn nan Massachusetts gen ladan l fè yon bouyon de kat woutye a, devlope yon EJ ak yon plan estrateji ekite, entegre opinion EJC an, epi pibliye kat woutye a kòm yon dokiman pou rekòmandasyon yo ak estrateji pou Commonwealth Massachusetts la aplike l.

Manb konsèy yo te mande eta envestisman idwojèn vèt lan, potansyèl enpak sou apwovizyonman dlo, pwobabilite pou idwojèn boule, ak klate sou kòman idwojèn ap deplwaye kòmsadwa. Manb konsèy yo te bay fidbak tou sou pwosesis devlopman kat woutye idwojèn lan, ki gen ladan l rekòmandasyon pou priyorize edikasyon ak rezilta nan kominote EJ yo epi fè yo aksesib nan plizyè lang menm ja nak sijere yon deliberasyon deplwaman entansyonèl idwojèn nan kominote EJ yo pou anpeche domaj anviwònmanal yo pi devan.

6. **Dezyèm Sesyon Kesyon ak Repons Piblik**

Patisipan vityèl ak prezansyèl yo te fè kòmantè ak sijesyon. Tou de patisipan yo te mete aksan sou enpòtans pou bay yon edikasyon ki gen kontni ki fasil pou konprann. Patisipan yo te pale tou sou pwoblèm deplwaman istorik idwojèn nan kominote ki mal desèvi yo.

Kòmantè ki sòti nan Q&A yo nan lis anba a

#	Kesyon	Non
1	Mwen pat gen okenn ide sou entèvenan w lan! Mwen te kontan jwenn chans mande w sap aske lè m mande mesye “Streamfield” yo sa k nan bwat la (kisa k ka kontamine dlo nou yo), yo sispann pale avè m.	Kristen Mello
2	Èske w gen ide sou fason chèn apwovizyonman enèji ewolyèn lan pral benefik pou Holyoke?	Michael Sales
3	Prezantasyon MA DOER sou Kat Woutye H2 a se yon egzant pafè de apwòch inadekwat ki te diskite pa Konsèy Nasyonal Jistis pou Anviwònman EPA a [NEJAC] kote estaf pèsònèl Depatman Resous Enèji [DOER] eta a devlope plan epi chache kòmantè popilasyon EJ a sou yon plan bouyon. Prezantasyon sa a te twò long epi twò teknik pou antite bazik yo oswa moun pou konprann ak kòmante.	David Dow
4	Quabbin te nourri abitan Lès MA yo. Sa te ensansib anpil pou di moun yo ke dlo yo, sòl la, ak kò yo te kontamine an pèmanans pa PFAS yo. That was deeply insensitive to say to people with permanently PFAS contaminated drinking water, soil, and bodies. Èske l pral mete NOU an kontak ak Quabbin lan?	Kristen Mello
5	Kòm yon syantifik maren ki nan retrèt, djab kat woutye H2 a nan detay yo. Nou bezwen gen yon apèsi global sou kòman n ap atenn netralite kabòn lan apati de 2050 kote popilasyon EJ yo resevwa benefis yo san okenn chaj anplis (yon objektif EPA NEJAC).	David Dow
6	Kisa ki nan bwat “Streamfield” lan? Kisa ki ale nan lè a lè idwojèn limen nan dife? Kisa ki abouti nan dlo a?	Kristen Mello

7	Mwen te abitye travay nan Depatman Enèji Etazini kòm yon Enjenyè Anviwònmanal, sa ki te egzije m esplike pwoblèm teknik yo nan lang ke majorite moun ka konprann epi apresye. Sa se lyen ki pi fèb nan tout pwosesis pran desizyon an, men li posib pou esplike konsèp ki konplèks yo nan yon lang moun ka konprann.	Stephen Buckley
---	--	-----------------

8. Pwochenn etap ak Fen Seyans lan

María Belén Power te raple manb konsèy yo pou voye rekòmandasyon ajans yo pou prezantasyon ba li atravè imèl. An plis, li te raple manb konsèy la dat pwochenn reyinyon an, 11 jiyè, nan Lynn, Massachusetts. **Kalila Barnett** te mande eta gwoup k ap travay yo. **María Belén** te kontakte biwo konseye jeneral la pou diskite opsyon pou gwoup k ap travay yo. Yon aktyalizasyon ap bay an jiyè.

María Belén Power te mande yon mosyon pou mete fen nan reyinyon an. **Jen Salinetti** te apwouve pou mete fen. **Kalila Barnett** te segonde. Reyinyon an te fini a 8:22 p.m.